РЦИ-АЛАНИЙЫ ГОРÆТГÆРОН РАЙОНЫ АДÆМОН ГАЗЕТ
НАРОДНАЯ ГАЗЕТА ПРИГОРОДНОГО РАЙОНА РСО-АЛАНИЯ

# ФИДИУÆГ
## ГЛАШАТАЙ

ВЫХОДИТ с 1937 года. ЧЕТВЕРГ 12 ИЮЛЯ 2018 г. №75 (11723). Цена - 10 руб.

НОВОСТИ

# ВЯЧЕСЛАВ БИТАРОВ ВРУЧИЛ КЛЮЧИ ОТ НОВОЙ КВАРТИРЫ НОДАРУ ПЛИЕВУ



**На днях заслуженный артист РСФСР, народный артист Северной и Южной Осетии отметил свое 70-летие. Глава Северной Осетии Вячеслав Битаров вручил ключи от однокомнатной квартиры во Владикавказе народному артисту Нодару Плиеву в честь 70-летнего юбилея.**

*- Этот юбилей - приятный повод выразить Вам, одному из видных представителей осетинской национальной культуры, блистательному мастеру народного танца, искреннюю признательность за годы активной творческой деятельности, за яркий талант, мастерство и невероятную трудоспособность,* - отметил **Битаров**.

Руководитель республики подчеркнул, что невозможно переоценить вклад Нодара Плиева в популяризацию хореографического искусства Северной Осетии и Кавказа.

В свою очередь, народный артист поблагодарил В. Битарова и подчеркнул значимость оказанного внимания со стороны руководства Северной Осетии.

*- Я не знаю, какие подобрать слова, чтобы выразить свои эмоции. Творческие люди являются очень чувствительными. Даже одно приятное слово нас подталкивает к новым свершениям в творчестве,* - сказал **Нодар Плиев**.

Н. Плиев в разное время был артистом Государственного ансамбля народного танца Грузии, солистом Государственных ансамблей танца "Алан" и "Симд". Он и сегодня верен своему призванию - работает балетмейстером-педагогом, передает свой богатый творческий опыт молодежи.

***Пресс-служба Главы и Правительства РСО-А.***

ХОРЗ ХЪУЫДДАГ

# АЛЧИ ДÆР ХЪÆЛДЗÆГ УÆД!

**Хетæджы Уастырджийы æмæ æппæт Зæдты хорзæх уæд алкæй дæр. Ныр дæр та ацы бон нæ адæм зæрдæрайгондæй сбæрæг кодтой 8-æм июлы. Фидæнмæ сыл хуыздæрæй æрцæуæд!**

Нæ районы культурæйы Галуаны размæ уыцы бон фæссихор бирæ адæм æрбацыд, сæ фылдæр - фæсивæд, нæ кæстæртæ. Ам арæзт æрцыд хъазтизæр, адæмы цинæн кæрон дæр нал уыд.

Районы админстацийы культурæйы управлени **(Туаты Мæдинæ)** æмæ культурæйы Галуаны разамынд **(Мæхъиты Хадизæт)** кæй бацæттæ кодтой, уыцы хъазтизæр рауад зæрдæмæдзæугæ. Галуаны зарæггæнджытæ, кафджытæ, иннæ кусджытæ сæ арæхстдзинад зæрдиагæй равдыстой уыцы бон. Къаддæр арæхстдзинад нæ равдыстой, хъазтизæрмæ чи 'рбамбырд, уыдон дæр. Фæсивæд кафыдысты æмæ зарыдысты, æрвыстой хъæлдзæг номыртæ. Кувгæ дæр ракодтой.

Æрталынг, фæлæ ма уæддæр фæсивæд æхсызгонæй сæ рæстæг æрвыстой.

Мæхъиты Хадизæт мын афтæ радзырдта:

*- Æхсызгон мын уыд, уыйбæрц адæм æрцæуыгæ куы федтон, уæд. Се 'ппæт дæр, сабийæ хистæрмæ уыдысты хъазтизæры архайджытæ, æмæ цымыдисон дæр уымæн рауад нæ мадзал. Адæм райгондæй аздæхтысты сæ хæдзæрттæм.*



*Ахæм хъазтизæртæ арæхдæр кæй хъуамæ уа, уый хынцгæйæ мах сфæнд кодтам: алы майрæмбоны дæр культурæйы Галуаны раз уыдзæн хъазтизæр, æмæ мачи базивæг кæнæд йæ рæстæг культурон æгъдауæй арвитынмæ. Хонæм алкæй дæр!*

Уый хорз, бафæзминаг хъуыддаг у, æмæ алчи дæр зæрдæдзæбæхæн æнæниз, хъæлдзæгæй, райдзастæй æрвитæд йæ рæстæг!

***ГАССИТЫ Моисей. Авторы ист къам.***

ОКНО ОГИБДД

# ВНИМАНИЕ, РЕЙД!

***В выходные дни сотрудники ОГИБДД ОМВД России по Пригородному району проводят профилактические рейдовые мероприятия в местах массового отдыха граждан (Тарское и Кобанское ущелья) по выявлению водителей, допускающих грубые нарушения ПДД РФ, в т.ч. управляющих автомобилем в состоянии алкогольного опьянения.***

Ведется сплошная проверка автовладельцев на состояние опьянения. Руководство ОГИБДД ОМВД России по Пригородному району в очередной раз обращается к водителям с напоминанием о том, что управление автомобилем в нетрезвом состоянии влечет за собой непоправимые последствия. За легкомысленное поведение на дорогах люди платят очень высокую цену. Нередко ценой ошибки становится человеческая жизнь.

Руководство Госавтоинспекции призывает граждан проявлять активную гражданскую позицию и в случае обоснованных предположений управления водителем автомобиля в нетрезвом виде не игнорировать данный факт, а сообщать в дежурную часть полиции по тел.: **8(86738)2-22-71.**

***Алена БАРОЕВА, инспектор по пропаганде ОГИБДД ОМВД России по Пригородному району.***

ОДНИМ АБЗАЦЕМ

✓ Проблема пробок на КПП Верхний Ларс не теряет своей актуальности. Согласно информации МЧС России, время ожидания на КПП Верхний Ларс составляет около 3 часов. Однако, как сообщили "15-му Региону" граждане, ждать своей очереди приходится в среднем от 6 до 9 часов. Нагрузка на пункты пропуска превышена в несколько раз из-за большого количества желающих выехать за границу. На сегодняшний день до 15 тысяч человек проходят паспортный контроль, в то время, как пункты пропуска рассчитаны на четыре тысячи. Для решения проблемы была оборудована дополнительная полоса движения.

✓ Правительство России присвоило двум горам в Северной Осетии имена спасателей, погибших при теракте в Беслане в 2004 г. Двум вершинам (3,5 и 3,6 км) в массиве Тепли Главного Кавказского хребта в Алагирском районе республики, которые прежде не имели названий, присвоены имена Героя РФ **Валерия Замараева** и кавалера ордена Мужества **Дмитрия Кормилина**. Кормилин и Замараев погибли 3 сентября 2004 года в Беслане во время операции по освобождению заложников.

✓ Пять молодых семей получат земельные участки в рамках реализации республиканской целевой программы "Молодой семье - доступное жилье на 2003-2007 годы". Об этом во вторник на заседании Правительства сообщил министр строительства и архитектуры Северной Осетии **Русланбек Икаев**. Таким образом, земельные участки предоставят Давиду Тигиеву, Марату Гугкаеву, Зурабу Остаеву, Хетагу Доеву и Руслану Остаеву.

✓ Профессионально подготовленные операторы готовы ответить на вопросы жителей республики, связанные с поставкой газа населению. По тел. "горячей линии" 8-800-550-00-04 абоненты могут получить полную информацию о состоянии расчетов за поставленный газ, о наличии и причинах образовавшейся задолженности, узнать о сроках поверки прибора учета газа, передать показания счетчика. Режим работы тел. "горячей линии": понедельник - пятница - с 8.00 до 20.00, суббота - с 8.00 до 17.00.

## Уважаемые жители!

ООО "Газпром межрегионгаз Владикавказ" ставит в известность население, потребляющее газ через ГРС "Ольгинское", что в связи с проведением ООО "Газпром трансгаз Ставрополь" планово-профилактических работ будет произведена остановка ГРС "Ольгинское" с **8:00** часов **18.07.2018 г.** до **08:00 19.07.2018 г.**

НОВОСТИ

# СЕВЕР И ЮГ: НОВЫЙ ЭТАП СБЛИЖЕНИЯ



***6 июля 2018 г. в ходе ответного визита журналисты средств массовой информации Республики Южная Осетия в рамках обмена опытом и в целях формирования единого информационного пространства посетили Северную Осетию. Организаторами пресс-тура выступили Комитет по делам печати и массовых коммуникаций Республики Северная Осетия-Алания и Государственный комитет информации и печати Республики Южная Осетия. В состав делегации вошли главные редакторы средств массовой информации, руководство и работники Государственного комитета информации и печати Республики Южная Осетия. Югоосетинских журналистов познакомили с производственной отраслью, сферой культуры и СМИ.***

Знакомство с Северной Осетией соседи с Юга начали с посещения военного мемориально-исторического комплекса "Барбашово поле", посвященного бессмертному подвигу младшего сержанта Петра Барбашова, закрывшего своим телом амбразуру дзота возле с. Гизель. Открывшийся в мае 2018 года мемориал уже успело посетить около 50 тысяч человек из всей России. Журналистов Южной Осетии провели по аллее героев Советского Союза, где сохранена память о каждом из 79 героев Северной Осетии - от Иссы Плиева и Ивана Фесина до неизвестных широко героев. Журналистам показали фотогалерею, где запечатлены боевые действия битвы за Кавказ во время Великой Отечественной войны. В комплексе также установлена памятная плита погибшим в бою близ Гизели. Инициатива создания масштабного мемориала принадлежит министру внутренних дел по Республики Северная Осетия-Алания Михаилу Скокову.

Полковник МВД по РСО-Алания **Алексей Коновалов**, проводивший экскурсию, отметил важность подобных мемориальных комплексов, особенно для молодого поколения. *"Если родители с детьми просто посетят подобные комплексы и расскажут о подвигах героев, то что-то они запомнят, усвоят, это пойдет им на благо"*, - отметил **Алексей**.

Примечательно, что экскурсию по командирскому блиндажу, расположенному на "Барбашовом поле", провел юный военный историк, учащийся 5-ой гимназии г. Владикавказа **Артемий Мириков**. Именно он некоторое время назад собрал часть средств для установления мемориальной доски на доме-музее Иссы Плиева во Владикавказе.

Делегации из Южной Осетии показали одно из крупнейших производств республики - Группу компаний "Пивоваренный дом "Бавария". Зародившийся в 1994 году с пивного мини-завода, сейчас холдинг "Бавария" является одним из крупнейших не только в Северной Осетии, но и на всем Северном Кавказе. Журналистам продемонстрировали производство крафтового пива, цех переформы и крышки, соответствующий лучшим мировым стандартам.

Следующим по маршруту была лаборатория "ФАТ-АГРО". Здесь занимаются селекцией семян картофеля элитных сортов с 2005 года. Биотехнолог **Ирина Карданова** поделилась не только секретами здорового посадочного материала, но и ответила на вопросы о наиболее устойчивых сортах картофеля для частных подсобных хозяйств.

В рамках пресс-тура состоялся круглый стол "Сотрудничество Севера и Юга в области средств массовой информации и книгоиздания". Это мероприятие стало главным в программе. Открыл круглый стол заместитель Председателя Правительства Республики Северная Осетия-Алания **Ахсарбек Фадзаев.** Зачитал приветственный адрес от лица Главы Республики Северная Осетия-А Вячеслава Битарова и вручил памятный подарок председателю Государственного комитета информации и печати Республики Южная Осетия **Марии Котаевой**. Она поблагодарила руководство Северной Осетии за помощь и содействие в создании общего информационного пространства между Севером и Югом.

За большие заслуги в развитии интеграционных связей между югом и севером Осетии, за личный вклад в укрепление сотрудничества в сфере СМИ и издательской деятельности Председатель Комитета по делам печати и массовых коммуникаций Республики Северная Осетия-Алания **Юрий Фидаров** был награжден медалью "В ознаменование 25-летия Республики Южная Осетия".

Главным итогом пресс-тура стало подписание на круглом столе соглашения между Комитетом по делам печати и массовых коммуникаций Республики Северная Осетия - Алания и Государственным комитетом информации и печати Республики Южная Осетия о сотрудничестве в области печати, средств массовой информации и книгоиздания. Стороны договорились взаимодействовать в части обучения журналистов, обоюдного участия в отраслевых мероприятиях, научно-исследовательской деятельности. В рамках соглашения будут поощряться прямые творческие и деловые связи между редакциями СМИ, издательствами, полиграфическими предприятиями.

Несмотря на то, что визит журналистов из Северной Осетии в Южную состоялся 25 мая 2018 г., уже есть определенные результаты предыдущих договоренностей. Так, 6 июля 2018 г. вышел в свет специальный совместный выпуск "Растдзинада" с югоосетинской газетой "Хурзæрин". А двое ребят из Южной Осетии включены в число участников профориентационного десткого лагеря "Медиа-кэмп", проводимого Комитетом по делам печати и массовых коммуникаций Республики Северная Осетия-А. А юная писательница из Южной Осетии примет участие в "Школе молодого писателя", которая пройдет во Владикавказе с 16 по 18 июня 2018 г.

Одной из завершающих точек маршрута пресс-тура стал Национальный музей РСО-А, где заведующий экспозиционным отделом музея **Эльбрус Кантемиров** провел экскурсию для гостей из Южной Осетии.

Завершился пресс-тур визитом на Национальную телекомпанию "Осетия-Ирыстон". Коллег поприветствовало руководство телеканала. Директор **Эльбрус Дзабиев** продемонстрировал высокотехнологичные студии телестудии, рассказал о процессе производства телевизионного контента, особенностях работы в прямом эфире, а также поделился планами на будущий телевизионный сезон. Отдельно поговорили о передачах из Южной Осетии, которые канал транслирует еженедельно по средам.

Журналисты из Южной Осетии отметили, что программа пребывания была масштабной и интересной. *"Самое главное в подобных встречах - наладить простой человеческий контакт, познакомить людей. Мне кажется, нам это удалось. Теперь предстоит много работать, чтобы действительно сблизить информационное пространство Северной и Южной Осетии"*, - подытожил **Юрий Фидаров.**

***Марк ДЗАХОЕВ.***

ОФИЦИАЛЬНО

## Извещение о проведении аукциона на право заключения договоров аренды земельных участков, принадлежащих на праве собственности РСО-А

Министерство государственного имущества и земельных отношений РСО-А сообщает о проведении аукциона (открытая форма подачи предложений о цене) на право заключения договоров аренды земельных участков из земель сельскохозяйственного назначения (распоряжение Министерства государственного имущества и земельных отношений РСО-А от 10.07.2018 г., №356).

**Организатор торгов:** Министерство государственного имущества и земельных отношений РСО-А.

**Предмет аукциона:** Заключение договоров аренды земельных участков из земель сельскохозяйственного назначения:

**Лот №1:**

Земельный участок, расположенный по адресу: РСО-А, Пригородный район, юго-восточнее с. Гизель, площадью 452863 кв.м, КН 15:08:0030102:466, вид разрешенного использования: для сельскохозяйственного производства.

Срок аренды - 15 лет.

Начальная цена ежегодной арендной платы за земельный участок составляет 218500 руб.

**Шаг аукциона:** 3% начальной цены аукциона (6555 руб.).

**Размер задатка:** 100% начальной цены аукциона.

**Лот №2:**

Земельный участок, расположенный по адресу: РСО-А, Пригородный район, восточнее с. Гизель, с левой стороны а/д "Владикавказ-Алагир", площадью 214666 кв.м, КН 15:08:0030102:448, вид разрешенного использования: для сельскохозяйственного производства.

Срок аренды - 15 лет.

Начальная цена ежегодной арендной платы за земельный участок составляет 102700 руб.

**Шаг аукциона:** 3% начальной цены аукциона (3081 руб.).

**Размер задатка:** 100% начальной цены аукциона.

**Лот №3:**

**Земельный участок, расположенный по адресу:** РСО-А, Пригородный район, юго-восточнее с. Гизель, площадью 106263 кв.м, КН 15:08:0030102:674, вид разрешенного использования: для сельскохозяйственного производства.

Срок аренды - 10 лет.

Начальная цена ежегодной арендной платы за земельный участок составляет 45000 руб.

**Шаг аукциона:** 3% начальной цены аукциона (1350 руб.).

**Размер задатка:** 100% начальной цены аукциона.

Задаток вносится на расчетный счет Министерства государственного имущества и земельных отношений РСО-А до момента подачи заявки. Задаток победителя зачисляется в счет арендной платы, проигравшему возвращается в течение 3 рабочих дней со дня подписания итогового протокола.

Для участия в аукционе претенденты в срок с 16.07.2018 г. до 14.08.2018 г. подают по адресу: РСО-А, г. Владикавказ, пр. Мира, 25, 3 этаж заявку с указанием реквизитов счета для возврата задатка, платежный документ о внесении задатка.

Заявки по каждому лоту подаются отдельно. Один заявитель вправе подать только одну заявку. Заявка, поступившая по истечении срока ее приема, возвращается в день ее поступления заявителю.

**Время приема заявок:** ежедневно, с 14.00 до 17.30, выходные дни - суббота, воскресенье.

Определение (признание) участников аукциона состоится 14.08.2018 г. в 17:30 по адресу: г. Владикавказ по пр. Мира, 25, 3 этаж.

Аукцион состоится **20.08.2018 г.** в 10:00 по адресу: г. Владикавказ, пр. Мира, 25.

**Порядок аукциона.** Заявители, признанные участниками аукциона, проходят процедуру регистрации участников аукциона в день его проведения. Для регистрации участник аукциона (представитель участника) обязан иметь при себе документ, удостоверяющий личность (паспорт). Представитель участника аукциона должен иметь при себе доверенность (оригинал) на право представлять интересы участника. Аукцион начинается с объявления начала аукциона. Аукционистом оглашаются наименование лота, его основная характеристика, начальная цена и "шаг аукциона" и порядок проведения аукциона. После оглашения аукционистом начальной цены аукциона, увеличенной в соответствии с "шагом аукциона", участникам аукциона предлагается заявить эту цену путем поднятия карточек. Каждая последующая цена, превышающая предыдущую цену на "шаг аукциона", заявляется участниками аукциона путем поднятия карточек. Аукционист объявляет номер карточки участника, который первым поднял карточку после объявления аукционистом цены.

Аукцион считается завершенным, если после троекратного объявления аукционистом последнего предложения о цене аукциона ни один участник аукциона не поднял карточку.

Победителем аукциона признается участник, предложивший наибольший размер ежегодной арендной платы за земельный участок, номер карточки которого был назван аукционистом последним. Результаты аукциона оформляются протоколом.

Организатор аукциона вправе отказаться от проведения аукциона в порядке, установленном Земельным кодексом Российской Федерации.

Банковские реквизиты для перечисления суммы задатка:

Получатель: УФК по РСО-Алания (Министерство государственного имущества и земельных отношений Республики Северная Осетия-Алания, л/с 05102009660);

ИНН/КПП 1502008943/151301001;

Р/с 40302810090333000002; БИК 049033001;

КБК 76400000000000000180

**Банк получателя:** Отделение - НБ Республика Северная Осетия-Алания, г. Владикавказ, ОКТМО 90701000.

**Назначение платежа:** задаток для участия в аукционе на право заключения договора аренды земельного участка.

**ЗАЯВКА НА УЧАСТИЕ В АУКЦИОНЕ**

"___"___201__ г. г. Владикавказ

Изучив данные информационного сообщения об объекте аренды,

Я,________________________________
__________________________________
__________________________________
_________________________________,

(фирменное наименование (наименование), сведения об организационно-правовой форме, о месте нахождения, почтовый адрес (для юридического лица), должность, фамилию, имя, отчество представителя юридического лица; фамилию, имя, отчество, паспортные данные, сведения о месте жительства (для физического лица), номер контактного телефона)

принимая решение об участии в аукционе на право заключения договора аренды земельного участка, расположенного по адресу:__________,

(адрес объекта, площадь участка, кадастровый номер)

обязуюсь:

1. Соблюдать условия аукциона, содержащиеся в информационном сообщении о проведении аукциона на право заключения договора аренды земельного участка, опубликованного в газете _________от_________ 201 г. №_____, на официальном сайте Министерства государственного имущества и земельных отношений РСО-Алания от ________, а также порядок проведения аукциона.

2. Внести в полном размере задаток на момент подачи заявки на участие в аукционе.

3. В случае признания меня победителем аукциона заключить с Министерством государственного имущества и земельных отношений РСО-Алания Договор аренды.

Банковские реквизиты счета для возврата задатка:

Подпись лица, подавшего заявку: _______________.

## НЕ 'ГЪÆУТТÆ

# ИРОН БИНОНТЫ РАГОН ÆФСАРМ

***Рагон ирон бинонтæ, уæлдайдæр та XIX-æм æнусты дыккаг æмбисы, цы уавæры уыдысты, ууыл бирæ ахуыргæндтæ фыстой. Сæ зынгæдæртæ - Ковалевский М., Миллер В., Пфаф В., Гакстгаузен А., Кокиты С. æмæ æндæртæ. Нæ дуджы ахуыргæндтæй рагон ирон бинонты цардыуаг иртæстой Мæхæмæтты А., Калоты Б., Тотраты В., Хъаныхъуаты З., Цориты Х. æмæ иннæтæ. Ацы ахуыргæндты зонадон куыстытæ кæсгæйæ базонæн ис ирон рагон бинонты уагæвæрд, сæ нымæц, ахастдзинæдтæ, царды уавæртæ, сæ куыстадон архайды къабæзтæ æмæ кусæнгæрзтæ. Мæн та бафæндыдис ирон бинонты рагон æфсарм раиртасын. Уый тыххæй лæмбынæг æркастæн ахуыргæндты куыстытæм, раиртæстон ирон таурæгътæ, Ирыстоны хъæутыл фæзылдтæн æмæ фæфарстон, ирон бинонты рагон æфсарм ма сабийæ чи æрыййæфта, кæнæ та йæ хистæртæй чи фехъуыста, ахæм 42 зæронд лæг æмæ усы.***

Цы 'рмæг æрæмбырд кодтон, уый куыд æвдисы, афтæмæй ирон бинонты рагон æфсарм арæзт уыдис патриархалон-мыггагон ахастдзинæдты бындурыл. XIX-æм æнусы дыккаг æмбисы ма Ирыстоны арæх уыдысты, сæ нымæц сæдæмæ кæмæн хæццæ кодта, ахæм бинонтæ. Иумæ цардысты цалдæргай æфсымæртæ æд устытæ, сæ цот æмæ цоты цотимæ. Ноджы фылдæр уыдысты сæ цотджын фырттимæ цæрæг фыдæлтæ æмæ мадæлтæ. Уыди къайадон бинонтæ дæр: ныййарджытæ æрмæстдæр сæ цотимæ. Ахуыргæндтæ куыд иртасынц, афтæмæй уыцы æртæ хуызы бинонтæй ирон адæммæ фæстæдæр фæзындысты къайадон бинонтæ, XIX-æм æнусы кæрон, Ирыстоны капиталистон ахастдзинæдтæ фидар кæнын куы байдыдтой, уæд.

Бинонтæн уыдис иумæйаг хæдзарад, сæ фæллой æмæ 'фтиаг иумæ æвæрдтой, æмхуызон сæ пайда æмæ хардз кодтой. Бинонтæ цардысты æнгомæй, кæд цыфæнды бирæ уыдысты, уæддæр.

Бинонты кæрæдзиуыл фидар баста **ирон æфсарм**. Зæгъæн ис, æмæ бинонты 'фсарм уыдис иумæйаг хæдзарад æмæ бинонты 'хсæн патриархалон ахастдзинæдты идеологи; йæ нысан - бинойнæгты иудзинад бахъахъхъæнын, цæмæй, тугæй чи кæмæ хæстæгдæр у, ахæм къордтыл ма дихтæ кæной. Уымæ гæсгæ ирон æфсарм бинонты ахастдзинæдтæ арæзта тугхæстæгыл нæ, фæлæ нæлгоймаг æмæ сылгоймаг, хистæр æмæ кæстæры фæдыл. Алы нæлгоймаг æмæ сылгоймаг дæр йæ填 кармæ гæсгæ бинонты 'хсæн ахста бæлвырд бынат, æххæст кодта бæлвырд хæстæ, йæхи дардта бæлвырд фæткыл, уыдис ын бæлвырд бартæ, авналæнтæ æмæ ахастдзинæдтæ иннæ бинонтимæ, суанг ма бæлвырд уыдысты йæ æхсæвиуат æмæ, хæдзары мидæг лæууын, бадын, хæрын æмæ кусын йæ бон кæм уыд, уыцы бынæттæ дæр. Цыбырдзырдæй, алы бинойнагæн дæр йæ кармæ гæсгæ уыдис бæлвырд мидисон роль. Мидисон роль ивгæ цыди, адæймаг иу карæй иннæмæ куыд хызт, ома куыд асдæр кодта, уымæ гæсгæ. Кармæ гæсгæ бинонты 'хсæн иртæстой цыппар сæйрагдæр фæлтæры: сывæллæттæ, фæсивæд, хъомыл адæм æмæ зæрæдтæ. Фæлтæртæ ма ноджыдæр дих кодтой нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтыл. Æфсарммæ гæсгæ худинаг уыдис, бинонты 'хсæн нæлгоймаг сылгоймаджы хуызæн, сылгоймаг та нæлгоймаджы хуызæн йæхи куы дардтаид, уый. Æгад уыди хистæрæн кæстæры митæ, кæстæрæн та хистæры митæ кæнын дæр. Ахæм нæлгоймаджы фидиссагæн хуыдтой "сылкъи", сылгоймаджы - "нæлкъи", хистæры - "гаги", кæстæры - "æнæнтыст".

Бинонты вазыгджы ахастдзинæдты иерархийы уæлдæр къæпхæныл лæуыдысты се 'ппæты хистæр нæлгоймаг æмæ сылгоймаг. Нæлгоймаджы хуыдтой **"хистæр", "хæдзары хицау", "уынаффæгæнæг", "чъирикувæг".** Фæстаг æртæ дзырды æххæстæй æвдисынц, хистæр бинонты 'хсæн цы бынат ахста, уый. Бинонты мулк - цæрæн хæдзæрттæ, зæхх, фосдарæнтæ, фос, кусæнгæрзтæ - ииуылдæр хистæры къухты уыдысты. Æнæ хистæры фæндонæй бинонтæй никæй бон уыд хæдзар саразын кæнæ йæ райхалын, исты балхæнын йе та ауæй кæнын, баивын кæнæ балæвар кæнын. Бинонты цард, куыст æмæ уагæвæрдæн уынаффæ кодта хистæр, уæлдайдæр та нæлгоймæгтæн. Алы изæр дæр бæрæг кодта, нæлгоймæгтæй сомбоны чи цы куыст кæндзæн, кæдæм ацæудзæн, цы араздзæн. Бæрæгбонты, цины æмæ зианы фынгты кувгæ æмæ хæлар дæр йæхæдæг кодта. Хицæнæй лæууыдысты йæ бандон æмæ йæ фынг дæр.

Æфсарммæ гæсгæ бинонтæй хицауы бынат ничи 'рцахстаид, йæ рахиз фарс ничи 'рлæууыдаид, йæ разæй йæхи ничи фæкодтаид, йæ фæндаг ын ничи алыг кодтаид, йæ цуры ничи 'рбадтаид, фæстæмæ йæм ничи сдзырдтаид. Хицауы раз худинаг уыд хæрын, нуазын, хъæрæй дзурын, худын, уæгъд змæлд кæнын. Йæ бардзырд ын иууылдæр æххæст кодтой.

Хистæр сылгоймаджы та хуыдтой **"æфсин"**. Æфсин уыд сылгоймæгты уынаффæгæнæг æмæ къæбицы хицау. Йæ хæстæ бинонты 'хсæн бирæ уыдысты: цæттæ хойраг æфснайдæй дардта, чындзыты куыстыл æфтыдта, бинонты афоныл æфсæста, чызджыты къухми æмæ хи дарыны æгъдæуттыл ахуыр кодта, сывæллæттæм йæ цæст дардта. Æфсины кад дæр бæрзонд æвæрд уыди, стæй канд сылгоймæгты цæсты нæ, фæлæ æгас бинонты 'хсæн дæр.

**М. Ковалевский** куыд фыссы, афтæмæй хицау æмæ æфсин дæр сæхи уæздан дардтой. Карз æмæ тыхдзырд нæ кодтой. Сæ ныхас уыдис лæгъз, фæлмæн, сабыр. Цæстмæдарæн ныхас дæр комкоммæ нæ кодтой: кæнæиу æй бабастой исты цауимæ, кæнæ фыдæлты таурæгъимæ, кæнæ та-иу загътаиккой, афтæ хорз нæу, афтæ хуыздæр уыдаид, зæгъгæ. Бинонты 'хсæн дæр æрмæст сæхи фæндон нæ тардтой. Бафарстой-иу иннæ зæрæдты дæр - хицау йе 'фсымæрты, æфсин йæ файнустыты, сбарстой-иу алкæй фæндон дæр æмæ-иу æрмæст уæд æрцыдысты иу хатдзæгмæ. Куыстæй дæр сæхи иуварс нæ ластой. Иудзырдæй, хицау æмæ 'фсин бинонтæн алцæмæй дæр фæзминаг уыдысты. Сæ коммæ дæр уымæн кастысты, æфсæрмы дæр сæ уымæн кодтой.

Хицау æмæ æфсины хæдфæстæ сæ социалон ахадындзинадмæ гæсгæ лæууыдысты **зæрæдтæ**. Хицау æмæ 'фсин сæхæдæг дæр ацы фæлтæрмæ хаудтой. Адæймаг зæрондыл нымад уыдис, 50-55 азы йыл куы сæххæст уыдаид, уæд. Зæрæдтæ уæззау куыст нал кодтой. Нæлгоймæгтæ цалцæг кодтой кусæнгæрзтæ æмæ фосифтындзæн дзаумæттæ, кæрты рог змæлдыл архайдтой. Сылгоймæгтæ та фылдæр къуымбилы куыст кодтой. Зæрæдтæн сæ сæйрагдæр хæс уыди хъомыладон куыст. Зæгъæн ис: уыдон кæстæртæн уыдысты фæлтæрд æмæ фенддджын педагогтæ. Даргъ зымæгон æхсæвтыиу кæрон нал уыди сæ аргъæуттæ, таурæгътæ æмæ кадджытæн. Кæстæртæн дæнцæгæн хастой сæ фыдæлты сгуыхтдзинæдтæ. Æппæлыдысты кæнæ фаудтой, сæ алыварс цæрæг адæмæй-иу хорз, йе 'взæр ми чи бакодтаид, уыдоны. Кæстæрты ирон æфсарм æмæ куысты дæсныйадыл ахуыр кодтой. Æмткæй райсгæйæ, зæрæдтæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ сыгъдæгæй лæвæрдтой бинонты 'фсарм, æгъдау æмæ кад, куысты фæлтæрддзинад.

Бинонты дыккаг фæлтæрмæ хаудтой **хъомыл адæм**. Лæппу æмæ чызг хъомыл фæлтæрмæ хызтысты ускуырд æмæ чындзы ацыды фæстæ. Хъомыл фæлтæр бинонтæн сæ сæйраг фæллойгæнæг тых уыди. Нæлгоймæгтæм хауди зæхх, фос æмæ æрмадзы куыст, хъæддзауы фæллой, бæстыхæйттæ аразын, стæй цалцæг. Фæлтæрæн йæхимидæг дæр куыст дихтæ уыд: æрыгондæр нæлгоймæгтæ кодтой фосы куыст, чысыл хистæртæ - зæххы куыст, уыдоны хистæртæ та - арæзтадон æмæ æрмадзы куыст. Сылгоймæгты 'хсæн дæр афтæ: кæстæр чындзытæ донхæссæг, æфснайæг æмæ гæрстæхсæг уыдысты, уыдоны хистæртæн баргонд уыд æхсыры куыст æмæ хойраг цæттæ кæнын. Хистæртæ ма хуыдтой уæлæдарæс æмæ къахыдзаума, нымæттæ æууæрстой. Фæлтæры хистæр сылгоймæгтæ та хæринаг кодтой, сывæллæттæм зылдысты.

**Фæсивæдыл** нымад цыдысты хæдзары æнæус æмæ æнæмой лæппутæ æмæ чызджытæ. Чызджытæн сæ ныллæгдæр кар уыдис 14-16 азы, лæппутæн - 16-18 азы. Фæсивæдæн бæлвырд куыстадон хæстæ нæ уыдис. Æххуыс кодтой, хистæртæй сæ чи бацагуырдтаид, уымæн. Фæлæ фæсивæды 'хсæн стыр кадджын уыдысты бæхылбадæг, хæцæнгарзæй арæхстджын, æфсармджын, кафаг æмæ зараг лæппутæ. Чызджытæн сæ нымаддæртæ уыдысты къухмимæ дæсны, кафынмæ арæхстджын, фæндырæй цæгъдынмæ рæвдз.

**В.Пфаф** куыд фыссы, афтæмæй ма нæ фыдæлтæ лæппу-фæсивæдæн бæрæгбæтты сæ лæгдзинад дæр æвзæрстой: *"Праздники имели большое значение, на них происходило что-то вроде олимпийских игр, были состязания в верховой езде, кулачном бою, стрельбе, танцах, пении и т.д.".* (Пфаф В.Б. "Этнологические исследования об осетинах", в кн. "Сборник сведений о Кавказе", т.2., Тифлис, 1872, с.134).

Фæлтæрæй-фæлтæры 'хсæн, стæй иу фæлтæрæн йæхи мидæг дæр æфсарм бирæ домæнтæ æвæрдта. Кæстæр фæлтæр хистæр фæлтæримæ иу фынгыл нæ бадти, кæстæртæ лæггад кодтой хистæртæн. Лæугæйæ дæр, бадгæйæ дæр, цæугæйæ дæр хистæрæн æдзухдæр йæ бынат уыдис рахиз фарс, рæбынæй, уæлæрдыгæй. Хистæры бафæрсæн нæ уыд, кæстæр ын йæ ныхас нæ айстаид, йæ разæй нæ фæуыдаид, тасы заман йеддæмæ, йæ бардзырд æмæ йын йæ цума æххæст кодта. Хистæр æмæ кæстæр иртæстой иу фæлтæры химидæг дæр. Зæгъæм, кæстæр æфсымæр хистæры разæй уæлæдарæсæй йæхи не сфæлыстаид. Уыцы 'гъдæуттæ уыдысты хоты 'хсæн дæр.

Æфсарммæ гæсгæ нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ иумæ æмдых нæ уыдысты. Сæ хæрд, сæ куыст, сæ бынæттæ - хицæн. Иумæ сын фенæн уыд æрмæстдæр иумæйаг стыр хæдзары. Фæлæ хæдзар дæр къонайы æвæрдмæ гæсгæ дыууæ дихы кодта: рахиз фарс уыди нæлгоймæгты, галиу та - сылгоймæгты. Иутæ сæ иннæты æмбисмæ ницы хуызы бахызтаиккой, кæд-иу сылгоймæгтæ нæлгоймæгты 'мбисмæ æфснайынмæ бауадаиккой, æндæр. Хицау æмæ æфсины къæлæтджынтæ дæр хицæн рæтты æвæрд уыдысты.

Чындзытæ сæ тиуты нæмттæ нæ дзырдтой, хистæр æмæ сæ фæлтæры нæлгоймæгтæм та уайсадгæ кодтой. Нæ дзырдтой хистæр файнустты нæмттæ дæр. Хицау æмæ æфсины нæмттæ фехъусгæйæ та-иу уырдыг слæууыдысты. Уырдыг лæууыдысты се 'мгар æмæ хистæр нæлгоймæгты цур дæр.

Ноджы карздæр æгъдæуттæ та уыди лæг, ус æмæ сæ сывæллæтты 'хсæн. Лæг æмæ ус сæ кæрæдзи æмæ сæ цоты нæмттæ нæ дзырдтой. Худинаг уыди лæг æмæ усæн бинонты 'хсæн иумæ аззайын. Иумæ æрмæстдæр сæхи уаты æмбæлдысты, фæлæ уырдæм дæр боныгон бацæуын аипп уыди. Изæр дæр-иу сæ уатмæ радыгай бацыдысты. Хæрз худинаг уыди хи сывæллæттæм дзурын, сæ рæвдауын, иннæтæй сæ истæмæй фæиртасын.

Бинонты æппæты кæстæр фæлтæр уыдысты **сывæллæттæ**. Авд азмæ лæппуйæ-чызгæй сылгоймæгты æвджид уыдысты, иумæ рæзыдысты. Уый фæстæ-иу фæхицæн сты: лæппуты-иу ракодтой нæлгоймæгты хæдзары æмбисмæ æмæ сæ дарддæр нæлгоймæгтæ хъомыл кодтой.

Сывæллæттæ-иу фæллой кæнын райдыдтой 8-9-аздзыдæй. Лæппутæ уæрыччытæ хызтой, хуым, най æмæ похци ласыны рæстæг хистæртæн æххуыс кодтой, 16-аздзыдæй та сæ бон уыд алцы куыст кæнын дæр. Хистæртæ уæлдай тынгдæр сæ цæст дардтой, цæмæй лæппутæ уæнгæй тыхджынæй хъомыл кæной. Чызджытæ та райдианты кæстæр сывæллæттæм зылдысты, хистæр сылгоймæгтимæ æфснайдтой, гæрстæ æхсаттой, кодтой æндæр хæдзарон куыстытæ. 13-14-аздзыдæй та сæ ахуыр кодтой къуымбилы дæсныйадыл, ирон æгъдæуттыл.

Сывæллæтты 'хсæн дæр æнæфсарм æмæ магуса уæвын худинаг уыдис.

Гъе, ахæм уыдысты, цыбырæй фысгæйæ, нæ фыдæлтыккон стыр бинонты æфсарм æмæ цардыуаг. Нæ фыдæлтæ бинонты 'фсармыл фидар хæцыдысты, æгъдауыл мæлæг уыдысты. Бинонты 'фсарм чи фехæлдтаид, уымæй та дзырдтой: "йæ цæсгом бахордта".

***ХАДЫХЪАТЫ Алинæ,***
***историон наукæты кандидат.***

## НОМАРÆН

# ЙÆ НОМ ЦÆРДЗÆН



**Дыууиссæдз боны размæ уæззау хабар райхъуыст: бирæ рæстæг рынчын ахæссыны фæстæ йæ цардæй ахицæн замманай ирон лæппу, бинонты, хиуæтты, сыхбæсты, æмгæртты æмæ æмкусджыты уарзон адæймаг, Сунжæйы хъæуккаг Засеты Иваны фырт Хъазбег (Кабе), Хетæгкаты хæрæфырт. Стыр зиан æрцыд Засеты мыггагыл. Бирæ цæссыг фæкалдтой, чи йæ зыдта, уыдон дæр.**

**Уæззау низ бахъуызыд Кабейы æндон уæнгтæм. Кæд йæ ныхмæ бирæ фæтох кодта, уæддæр удхæссæг йæхион бакодта æмæ иу бон æрфæлдæхта фидæрттæ лæппу-лæджы. Йæ тæккæ лæджы кармæ куы бахæццæ, уæд та сау сыджыты хай бацис.**

**Хъазбег цы рацардис, уый лæгау-лæгæй; ирон æфсарм æмæ йæм лæгдзинад уыд, æгъдауæй цух никуы æййæфта. Йæ уд, йæ дзæцц - адæмæн лæггад кæнын. Уыцы фарныл æй ахуыр кодтой йæ ныййарджытæ Иван (Пицка) æмæ Тамарæ (Томæ) æмæ уыдоны ныййарджытæ.**

**Ахуырмæ æвзыгъд уыд Кабе. Астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ райста уæлдæр ахуырад, куыста цалдæр бынаты, иуыл фылдæр та - мидхъуыддæгты органты. Схызт майоры чинмæ, дарддæр дæр æм хорз фидæн æнхъæлмæ каст, фæлæ цы загъдæуа удхæссæгæн: йæ фæндтæ йын йæ хъуыры фæбадын кодта.**

**Кабе æркодта бинонтæ дæр, уыд Туаты сиахс; фæзынд ын кæстæртæ - чызг æмæ лæппу. Бирæ сæ уарзта, фæлæ сæ сидзæрæй ныууагъта. Ныр ма æй бæргæ мысынц, фæлæ сæ уый никуыуал барæвдаудзæн. Къаддæр зындзинад, зæрдæйы рыст не 'взарынц йæ ныййарджытæ, мадызæнæгтæ, йæ цардæмбал, фæлæ ма цы..?**

**Кабе уыд Ирыстоны хъахъхъæнджыты рæнхъыты, уыдис æм хæрзиуджытæ. Йе стырдæр хæрзиуæг та уыд Ирыстонæн, йæ адæмæн лæггад кæнын, æмæ уыцы хæс æххæст кодта намысджынæй.**

**Бирæ адæм æрцыд йæ ныгæнæн бон йæ фæстаг фæндагыл æй афæндараст кæнынмæ Хуссарæй Цæгатмæ, Уæрæсейæ - зæххæн уæз кодтой. Цæссыгкалгæ йæ дзæнæты дунемæ арвыстой, æмæ сыл уырдыгæй хæрзаудæн кæнæд. Риссынц нæ зæрдætæ, нæ уарзон æфсымæр. Дæ ном сæфт ма уæд!**

**Рухсаг у, Кабе, рухсаг!**

***Æмхæрæфырттæ.***

* * *

***Зесеты бинонтæ стыр бузныг зæгъынц, сæ зианы рæстæг сæ фарсмæ чи 'рбалæууыд, чи сын балæггад кодта, сæ рыстыл сын чи фæрыст, æппæт уыцы адæмæн, æмæ хъусын кæнынц, Засеты Иваны фырт Хъазбеджы дыууиссæдзæм боны кæнд кæй уыдзæн сабаты, 14-æм июлы, Сунжæйы хъæуы Фæскомцæдисон уынджы 25-æм хæдзары.***

# Поздравления, объявления, реклама, сообщения

***Нæ районы культурæйы Галуаны æмæ æппæт районы культурæйы кусджытæ зæрдиаг арфæ кæнынц Галуаны балетмейстер, Уæрæсейы сгуыхт артист ПЛИТЫ Нодарæн йæ 70 азы юбилейы фæдыл.***

Нодар, ды махæн дæ нæ фидыц. Нæ сæр дæ бæрзæндты хæссæм. Де 'сгуыхтдзинæдтæ фылдæрæй фылдæр кæнæнт! Макуы нын фæцуд! Царды æмæ арвы тыгъдады уæнгрогæй ленк кæн сæдæ азмæ!

Иры зæдты уазæг у!





***Поздравляем с днем рождения нашего дорогого, невероятно талантливого человека, члена КПРФ Нодара ПЛИЕВА.***

Желаем тебе, Нодар, крепкого здоровья, оптимизма, хорошего настроения и творческих успехов! Твой удивительный талант помогает зрителям по-новому взглянуть на жизнь и самих себя. Спасибо тебе за это! С днем рождения!

***КПРФ Пригородного района.***

***Райсом йæ гуырæн бон зæрдæхъæлдзæгæй бæрæг кæны ирон æгъдауджын адæймаг, фæллойуарзаг лæг, Октябрыхъæуы кварталон "Ныхас"-ы уæнг ТЫБЫЛТЫ Гургены фырт Сослан.***

Районы "Ныхас"-ы уæнгты номæй дын æнæкæрон зæрдæбын арфæтæ кæнын, Сослан, дæ гуырæн боны фæдыл. Фыццаджыдæр у æнæниз; æнæмастæй, дæ бинонты, хиуæтты, сыхбæсты, уарзон адæмы фæндиаг цæр, дæ хорздзинæдтæ дын уынæнт!

Районы "Ныхас"-ы активон æхсæнадон куыст кæныс, зыны дзы дæ архайд, æмæ ма дын бирæ азты бантысæд адæмы хæрзиуæгæн кусын!

Зæдтæ æмæ дын Дауджытæ æххуысгæнæг уæнт!

***ХОДЫ Æхсар.***








**ФИРМА «ЭЛИКАМ»**

✓Конструкции любой сложности
✓ГАРАНТИЯ КАЧЕСТВА.
✓**РАССРОЧКА** на 5 месяцев.

**КРЕДИТ ОТП БАНК**

***Тел.: 8-928-070-94-77.***


Администрация местного самоуправления Камбилеевского сельского поселения выражает глубокие соболезнования депутату Собрания представителей Камбилеевского сельского поселения Чсиеву Маирбеку по поводу кончины матери

**ЧСИЕВОЙ-ХИНЧАГОВОЙ Любы Захаровны.**

Коллектив Пригородного РАЙПО выражает глубокое соболезнование семье и близким по поводу кончины сотрудницы

**ЧСИЕВОЙ-ХИНЧАГОВОЙ Любови Захаровны.**

## ПРОДАЕТСЯ

✓дом в с. Октябрьском, ул. Иристонская, 53. **Цена -** 3 млн 500 тыс. руб. Торг.
***Тел.: 8-909-476-19-89.***

✓дом в с. Камбилеевском, ул. Кирова, 61. Цена договорная.
***Тел.: 8-988-831-70-84.***

✓**СРОЧНО** дом в с. Октябрьском, ул. Комсомольская, 55.
***Тел.: 8-909-477-11-54.***

✓дом в с. Восход. **Цена -** 650 тыс. руб.
***Тел.: 8-928-482-12-94.***

✓дом в с. Сунжа.
***Тел.: 8-960-406-49-70.***

✓дом в с. Сунжа, ул. Иристонская, 58.
***Тел.: 8-928-496-47-66.***

✓строящийся дом (пл. - 130 кв.м.), капитально доведенный до крыши. Имеется вода, канализация, электричество, газ - рядом - в с. Октябрьском, ул. З.Космодемьянской, 1. Все документы. Цена договорная.
***Тел.: 8-962-750-18-40 (Дарья).***

✓**СРОЧНО** дом в с. Камбилеевском или **МЕНЯЮ.**
***Тел.: 8-928-934-28-96.***

✓дом в с. Сунжа, ул. Армянская, 4.
***Тел.: 8-928-491-09-06.***

✓дом (пл. 300 кв.м.) в с. Сунжа, ул. Плиева, 16.
***Тел.: 8-928-927-36-10.***

✓1-комнатная квартира в с. Октябрьском.
***Тел.: 8-928-487-86-31, 8-928-486-74-53, 2-11-57.***

✓2-комнатная квартира на 5 этаже в с. Октябрьском, ул. Маяковского, 90. Гараж.
***Тел.: 8-960-400-90-73.***

✓1-комнатная квартира на 1 этаже в с. Октябрьском, ул. Епхиева, 69.
***Тел.: 8-906-494-44-35 (Давид).***

✓2-комнатная квартира на 4 этаже в центре с. Октябрьского.
***Тел.: 8-988-873-22-06.***

✓1-комнатная квартира на 3 этаже. Ремонт, все удобства, мебель;
- 2-комнатная квартира на 2 этаже с участком для пристройки; фруктовый сад, ремонт, мебель, все удобства - по адресу: ул. Фиделя Кастро, 6.
***Тел.: 8-918-831-29-16.***

✓1-комнатная квартира на 1 этаже.
***Тел.: 8-960-406-97-60.***

✓3-комнатная квартира отличной планировки в с. Октябрьском, ул. П.Тедеева, 109.
***Тел.: 8-918-823-45-50, 8-918-702-20-76.***

✓1-комнатная квартира на 5 этаже, ул. Маяковского, 92, кв. 35. **Цена -** 1 млн 100 тыс. руб. Без торга.
***Тел.: 8-960-403-23-72 (Альбина).***

✓з/участки - общ. пл. 27 соток - по ул. Тарской. Имеется старый дом. **Цена -** 550 тыс. руб.
***Тел.: 8-918-834-38-21.***

✓з/участок в с. Октябрьском, ул. Победы (приватизирован); газ, вода, электричество.
***Тел.: 8-961-825-54-98.***

✓з/участок в с. Сунжа.
***Тел.: 8-928-486-49-51.***

✓**СРОЧНО** з/участок в с. Камбилеевском, ул. Тедеева, 194. **Цена -** 260 тыс. руб.
***Тел.: 8-906-494-77-74.***

✓капитальный гараж в с. Октябрьском.
***Тел.: 8-909-473-58-59.***

✓железнодорожные шпалы (б/у). Цена договорная.
***Тел.: 8-928-928-96-86.***

✓бычок - 2 г. 3 месяца.
***Тел.: 8-918-828-46-23.***

✓дойная корова породы «Симменталь».
***Тел.: 8-928-484-35-43.***

## РАЗНОЕ

✓**СДАЕТСЯ** помещение бывшей шаурмании.
***Тел.: 8-918-822-35-22.***

✓**СДАЕТСЯ** 1-комнатная квартира с мебелью (район центральной аптеки).
***Тел.: 8-909-473-52-67.***

✓**СДАЕТСЯ** дом в с. Камбилеевском.
Все вопросы по **телефону:** ***8-928-938-26-17.***

✓**ТРЕБУЕТСЯ** продавец в магазин в с. Дачном.
***Тел.: 8-928-495-12-62.***

✓**ПРОКАТ** холодильников на любые мероприятия: свадьбы, кæхц, поминки.
***Тел.: 8-963-178-22-25.***

✓**УСЛУГИ** электрика.
***Тел.: 8-928-480-99-00, 8-919-423-94-45.***

✓**САНТЕХНИК**.
***Тел.: 8-962-749-46-22.***

✓**БРИГАДА** выполняет все виды строительных, ремонтных и отделочных работ в срок. Качество гарантируем. Доступные цены.
- АРЕНДА спецтехники: автомашины, КамАЗы, тракторы - недорого.
***Тел.: 8-988-835-45-21, 8-988-870-75-57.***

✓**САНТЕХНИЧЕСКИЕ РАБОТЫ:** котлы, теплые полы, батареи, водопровод, канализация.
***Тел.: 8-988-838-36-61.***

✓**СТРОИТЕЛЬНЫЕ РАБОТЫ:** малярка, шпаклевка, гипсокартон, побелка, обои, кафель, штукатурка, стяжка, кладка кирпича, блоки, откосы.
***Тел.: 8-999-359-88-31, 8-961-764-64-90.***

✓**ИЗГОТАВЛИВАЮ** ворота, входные двери, лексан. Быстро, качественно, недорого. Установка - бесплатно.
***Тел.: 8-928-859-80-99, 8-928-487-86-31, 2-11-57.***

✓**ИЗГОТАВЛИВАЕМ** и реставрируем одеяла и матрасы из натуральной шерсти. Доставка.
***Тел.: 8-918-831-58-33, страница в Инстаграм: azbukasnovidenij***

✓**РАЗБИРАЕМ** дома, сараи. Вывоз мусора.
***Тел.: 8-906-494-77-74.***

✓**ИЗГОТОВЛЕНИЕ** деревянных дверей **(липа).** Без покраски - 6 т.р./кв.м., с покраской - 8 т.р./кв.м. Фото - в одноклассниках - **Мераб Двери.**
***Тел.: 8-928-498-22-58.***

✓**КЛАДБИЩЕНСКИЕ** работы.
***Тел.: 8-928-855-09-06.***

**ПРОКАТ** палаток и посуды.
***Тел.: 8-906-188-01-71, 8(86738) 2-19-19.***

КПРФ Пригородного района выражает глубокое соболезнование депутату от КПРФ Чсиеву Маирбеку по поводу кончины матери

**ЧСИЕВОЙ-ХИНЧАГОВОЙ Любы Захаровны.**

Коллектив МБОУ «СОШ №2 с. Октябрьское» выражает искренние соболезнования Бираговой (Цахоевой) Р.В. и Бираговой Л.Л. по поводу безвременной кончины сына и брата

**БИРАГОВА АРТУРА ЛЬВОВИЧА.**

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ КРУГЛОСУТОЧНО**

**РИТУАЛЬНЫЕ УСЛУГИ. КАТАФАЛК.**

***Тел.: 8-928-065-20-00 (Алла), 8-928-930-03-86 (Рая) п. Заводской.***

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**

Круглосуточно. Обработка, доставка гроба, оркестр, дудук. Возможен укол - 5 тыс. руб.
***Тел.:8-928-068-20-71 (Рита).***

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**

Круглосуточно. Обработка, купание, одевание, доставка гроба, оркестр, дудук.
***Тел.: 8-918-702-36-90 (Лариса).***

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**

**24 часа. Женская бригада. Доставка ритуальных принадлежностей. Катафалк. Дудук. Оркестр. Перевозки по России и зарубежью. Все виды туалетных услуг.**

***Тел.: 8-928-927-38-03.***

**НЕДОРОГО. ЭММА.**

**Качество работы гарантируем.**


**ФИДИУÆГ**

***Главный редактор: ДЗЕБОЕВА Р.С.***

**УЧРЕДИТЕЛЬ: администрация местного самоуправления муниципального образования – Пригородный район, с. Октябрьское, ул. Павла Тедеева, 129.**

**Газета зарегистрирована 21 июня 2012 года в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания. Регистрационный номер ПИ №ТУ 15-00074.**

**АДРЕС РЕДАКЦИИ И ИЗДАТЕЛЯ: 363100, с. Камбилеевское Пригородного района Республики Северная Осетия-Алания, ул. Юрия Кучиева, 4.**

**Время подписания в печать 17 ч. Фактически в 16.15.**

**6+**

**ТЕЛЕФОНЫ:** гл.редактор - 2-17-52; зам. гл. редактора, ответ. секретарь - 2-10-03; отделы - 2-21-82; 2-31-52; бухгалтерия - 2-31-52, отдел рекламы и объявлений - 2-24-16; факс - 8(86738) 2-13-38.

**Газета выходит 3 раза в неделю (вторник, четверг, суббота), 156 раз в год. Издается на осетинском и русском языках.**

**E-mail: fidiuag@mail.ru; fidiuag-g@rambler.ru.**

**За содержание материалов и рекламы ответственность несут авторы. Тираж 3862 экз. Заказ № 848. Индекс 362015. Печать офсетная. Типография: АО «Осетия-полиграфсервис», адрес типографии: РСО-А, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.**